दिन—मंगलवार　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　दिनांक—11.11.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ　　　　　　　　　　　　　　　　　　अवधि— 05 मिनट

---

विधानसभा चुनावक दोसर आ अंतिम चरणक लेल आइ कड़गर सुरक्षा व्यवस्थाक बीच छिटपुट घटना सभ कँे छोड़ि कऽ शांतिपूर्ण मतदान संपन्न भऽ गेल। एहि चरणक अंतर्गत शिवहर, सीतामढ़ी, मधुबनी, सुपौल, अररिया, किशनगंज, पूर्णियां आ कटिहार समेत बीस जिलाक एक सय बाईस विधानसभा क्षेत्र मे वोटिंग भेल। निर्वाचन आयोग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार सांझ पांच बजे धरि **सड़सठि दशमलव एक—चारि प्रतिशत** मतदाता लोकनि अपन मताधिकारक प्रयोग कयलनि। मतगणना चौदह नवम्बर के होयत। सभ सँ बेसी **किशनगंज** जिला मे **छिहत्तरि दशमलव दू—छओ प्रतिशत**, जखनकि सभ सँ कम **नवादा** जिला मे **संतावन दशमलव एक—एक प्रतिशत** मतदान भेल अछि। निर्वाचन आयोग कहलक अछि जे मतदानक अंतिम आंकड़ा बेस राति धरि जारी कयल जायत। विधानसभा चुनावक पहिल चरण मे लगभग पैंसठि प्रतिशत मतदान भेल छल। विधानसभा चुनाव मे मतदाता लोकनि ऐतिहासिक मतदान कऽ लोकतंत्र के मजगूत बनयबा मे अपन भागीदारी सुनिश्चित कयलनि अछि।

---

विधानसभा चुनावक दोसर आ अंतिम चरणक मतदानक समाप्तिक बाद एक सय छत्तीस महिला समेत एक हजार तीन सय दू प्रत्याशी लोकनिक चुनावी भाग्य ईवीएम मे सील भऽ गेल अछि। दोसर चरणक मतदान मे नीतीश कुमार कैबिनेटक बारह मंत्री समेत कतेको दिग्गज लोकनिक चुनावी भाग्य ईवीएम मे सील भऽ गेल अछि। मतदाता लोकनि मंत्री बिजेन्द्र प्रसाद यादव, प्रेम कुमार, रेणु देवी, नीतीश मिश्रा, नीरज सिंह बबलू आ लेसी सिंह समेत कतेको राजनीतिक दिग्गज लोकनिक राजनीतिक भाग्यक फैसला कऽ देलनि अछि। एकरा अलावा, कांग्रेसक प्रदेश अध्यक्ष राजेश कुमार, लोक जनशक्ति पार्टी, रामविलासक प्रदेश अध्यक्ष राजू तिवारी, कांग्रेस विधायक दलक नेता शकील अहमद खान, भाकपा माले केर महबूब आलम आ पूर्व विधानसभा अध्यक्ष उदय नारायण चौधरीक राजनीतिक भाग्य सेहो ईवीएम मे सील भऽ गेल अछि।

---

विधानसभा चुनावक दोसर आ अंतिम चरणक मतदानक समाप्तिक बाद विभिन्न राजनीतिक दल अपन–अपन जीतक दावा कयलक अछि। भाजपाक वरिष्ठ नेता आ उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे मतदाता लोकनि एनडीए कैँ एक बेर फेर सत्ता मे वापस आनबाक मोन बना लेलक अछि। जदयूक प्रवक्ता नीरज कुमार आ हिन्दुस्तानी अवाम मोर्चाक संरक्षक एवं केंद्रीय मंत्री जीतन राम मांझी कहलनि जे चौदह नवम्बर कैँ प्रचंड बहुमत सँ एनडीए केर सरकार बनय जा रहल अछि। एम्हर, राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव आ कांग्रेसक वरिष्ठ नेता शकील अहमद खान कहलनि जे पहिल आ दोसर चरणक मतदानक बाद स्पष्ट भऽ गेल अछि जे एहि बेर राज्य मे महागठबंधनक सरकार बनय जा रहल अछि।

———————————————————————————

विधानसभा चुनावक दोसर चरण मे एनडीए आ महागठबंधन केर घटक दलक संग कतेको आन पार्टी केर उम्मीदवार चुनाव मैदान मे छथि। एनडीए दिस सँ सभ सँ बेसी तिरपन प्रत्याशी भारतीय जनता पार्टी दिस सँ आ चौवालीस उम्मीदवार जनता दल यूनाइटेड सँ चुनावी मैदान मे छथि। ओतहि, लोक जनशक्ति पार्टी रामविलास पंद्रह, हिन्दुस्तानी अवाम मोर्चा छओ आ राष्ट्रीय लोक मोर्चा चारि सीट पर अपन प्रत्याशी उतारने अछि। महागठबंधन दिस सँ राष्ट्रीय जनता दल इकहत्तरि आ कांग्रेस सैंतीस सीट पर चुनाव लड़ि रहल अछि। मुकेश सहनी केर नेतृत्व बला विकासशील इंसान पार्टी आठ आ सीपीआई–माले छओ सीट पर अपन प्रत्याशी उतारने अछि। महागठबंधन केर घटक दल छओ सीट पर एहि चरण मे एक–दोसरक खिलाफ चुनाव लड़ि रहल अछि। सिकंदरा, नरकटियागंज, कहलगांव आ सुल्तानगंज सीट पर राष्ट्रीय जनता दल आ कांग्रेस एक–दोसरक खिलाफ चुनाव लड़ि रहल अछि। ओतहि, कैमूर जिलाक चैनपुर सीट पर राष्ट्रीय जनता दलक खिलाफ विकासशील इंसान पार्टी, जखनकि रोहतास जिलाक करगहर सीट पर सीपीआई कांग्रेसक खिलाफ प्रत्याशी उतारने अछि।

———————————————————————————

अरवल केर बूथ संख्या एक सय नवासी पर तैनात पीठासीन पदाधिकारी अरविन्द कुमारक हृदयगति रूकला सँ मृत्यु भऽ गेलनि। ड्यूटी केर दौरान हुनकर तबीयत बिगड़ल जकरा बाद हुनका अस्पताल लऽ जाओल गेल। अस्पताल पहुंचला पर डॉक्टर हुनका मृत घोषित कऽ देलनि।

अररिया केर फारबिसगंज मे भाजपा आ कांग्रेस समर्थक केर बीच झड़प भऽ गेल। प्रशासनक हस्तक्षेप केर बाद मामिला शांत भेल। एम्हर, जहानाबाद केर बूथ संख्या दू सय बीस पर दू गुटक बीच हिंसक झड़प मे चारि गोटे घायल भऽ गेलाह।

---

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ एफएम रेनबो पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।